

Sit entènèt: <http://www.kreyol.org/aprannk.htm>

Premye leson : Òtograf

Selon lwa 28 septanm 1979 epi premye / dènye piblikasyon òtograf ofisyèl ki parèt 31 janvye 1980 sou siyati Sekretè Deta Edikasyon Nasyonal Ayiti, Jozèf C.Bèna.

1.- Alfabè kreyòl la gen 32 lèt :

a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, i, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z.

2.- Lang kreyòl gen 18 konsòn:

b : bal, debat, kapab

ch : chat, rache, rach

d : daso, kada, gad

f : fal, rafal, saf

g : garaj, bagay, bag

h : ha, branhang, enhen

j : jalou, kajou, raj

k : kad, makawon, avèk

l : lavi, pale, fasil

m : malad, enfimite, dam

n : nas, zepina, bekasin

ng : ling, touhing, zing

p : poto, rapadou, pap

r : rat, marasa

s : sik, dous, sous

t : taso, titato, tèt

v : vakabon, lave, rèv

z : zafè, raze, raz

3.- Vwayèl

3.1.-Lang kreyòl gen 7 Vwayèl bouch

a : ase, latè, leta

e : elèv, redi, rale

è : ès-ès, kèk, ankè

i : istwa, pit, anasi

o : ochan, foli, mato

ò : òfèv, gòl, gadò

ou : ouvriye, goud, kalfou

3.2.-Lang kreyòl gen 4 Vwayèl bouch-nen

an : anlè, zandolit, devan

en : enbesil, pentad, lapen

on : onz, ponpe, pantalon

oun : ounsi, mazonbèl, youn

3.3.-Vwayel -konsòn : W

wa : watè, lakwa

wan : wanga, lakwann

wete : wete, dwe

wen : kwen, pwen

wi : kwi, piwili

wo : wotè, gwo

wò : wòl, bwòs

won : wont, fwonte

wou : woule, kwout

Atansyon

Wo, Wò, Won, Wou kapab ekri konsa tou : Ro, Rò, Ron, rou.

Egzanp : rotè, gro, ròl, bròs, ront, fronte, roule, krout

-Y

ya : faya, pyas

yan : yanvalou, pyan

ye : peye, katye

ye : ayè, soupyè

yen : anyen, kretyen

yo : koyo, konfyolo

yò : miyò, dyòl, biyòt

yon : pyon, bouyon

you : you, pyout, pay, kay, bòy, fèy, chany

-UI

Egzanp: luil, nuit, uit zuit

Se sou sit REKAA ke mwen tap pase mwen wè kalite bèl koze saa yo. Mwen kase ti moso pote bannou. Moun ki vle gen dwa vizite sit REKA pou kont yo lan adrès saa

<http://www.kreyol.org/aprannk>.